



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 8/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ÒDONE PAK LETA NEW YORK YO POU YO OFRI ORÈ TRAVAY
PWOLONJE NAN ETABLISMAN KI GEN PISIN YO YON DEZYÈM FWA**

***Nou Enfòm Moun New York yo pou Yo Pran Prekosyon Sekirite Pandan Vag Chalè
Sezon Ete a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te òdone Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Leta yo, pou yo pwolonje orè travay nan etablisman leta ki gen pisin yo ak nan lòt pak leta yo yon dezyèm fwa pandan sezon ete sa. Etan done monte chalè ak imidite agresif la, pwolonjman lè pou etablisman ki gen pisin yo ap kòmanse jodi a epi l ap kontinye jiska dimanch 14 out. Gouvènè a ankouraje Moun New York yo tou pou pran prekosyon ki apwopriye pou rete an sekirite, toutotan tanperati yo ap apwoche 100 degre nan tout eta a semèn sa.

Gouvènè Cuomo te di: “Avèk tanperati a yo prevwa k ap atenn 100 degre semèn sa, nou dwe pran prekosyon pou asire sekirite Moun New York yo. Mwen te òdone pak New York yo pou pwolonje orè yo nan etablisman ki gen pisin yo pou bay plis Moun New York yon repi kont vag chalè agresif la. Mwen ankouraje tout Moun New York pou pran mezi ki nesèsè pou limite ekspozisyon nan chalè a epi rete an sekirite pandan jou chalè ekstrèm sa yo.”

Etablisman ki gen pisin nan Pak Leta nou pral site la yo ap ouvè pandan orè pwolonje yo:

- Long Island: Plaj bò lanmè nan Jones Beach, Robert Moses ak Pak Leta Hither Hills, plaj nan Pak Leta Sunken Meadow sou Long Island Sound ak pisin nan Jones Beach la ap rete ouvè jiska 8 è PM.
- Vil New York: Y ap ajoute awozwa yon lòt fwa ankò nan Pak Leta Gantry Plaza a nan Queens ak Pak Leta East River nan Brooklyn nan.
- Mid-Hudson: Pisin nan Pak Leta FDR la ap rete ouvè jiska 6:30 è PM jedi ak vandredi e jiska 7:30 è PM samdi ak dimanch. Orè Pit Pond nan Pak Leta Taconic - Copake Falls Area ap ouvri jiska 7 è PM.
- Kapital Rejyon: Pisin Victoria nan Pak Leta Saratoga Spa ak plaj nan Pak Leta Grafton Lakes la ap rete ouvè jiska 8 è PM. Plaj nan Pak Leta Moreau Lake la ap ouvè jiska 7 è PM jedi e 8 è PM vandredi, samdi ak dimanch.
- North Country: Plaj nan Cedar Point, Point Au Roche, Robert Moses, Southwick Beach, Wellesley Island, Pak Leta Westcott Beach ak pisin nan Pak Leta Keewaydin yo ap rete ouvè jiska 8 è PM.
- Mohawk Valley/New York Santral: Plaj pou naje nan Green Lakes, Delta Lake ak nan Pak Leta Sandy Island Beach yo ap ouvè jiska 8:00 è PM.

- Finger Lakes: Plaj pou naje nan Hamlin Beach la ap rete ouvè jiska 8 è PM epi Pisin North nan Pak Leta Letchworth la ap ouvè jiska 7 è PM jedi ak vandredi epi a 8 è PM samdi ak dimanch.
- Lwès New York: Etablisman ki gen pisin yo nan Beaver Island ak nan Fort Niagara yo ap rete ouvè jiska 8 è PM, epi plaj Red House ak plaj Quaker Area nan Pak Leta Allegany an ap rete ouvè jiska 7 è 45 PM.

Delege Pak Leta yo, Rose Harvey te di: “Ke se pou rafrech sou yon plaj bò oseyan oubyen bò yon lak, nan pisin oubyen nan jè dlo, pak leta yo se kote ki pafè pou konbat chalè a. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou bay fanmi yo plis opòtinite pou rafrech yo epi mete yo alèz lè tanperati a monte.”

Sa make dezyèm fwa pandan ete sa ke pak leta yo te pwolonje lè pou naje yo nan etablisman yo. Nan dat 26 jiyè a, Gouvènè Cuomo te òdone Pak Leta yo pou pwolonje orè yo pou yon peryòd twa jou pou Moun New York te ka genyen yon lòt fason pou konbat chalè a lè tanperati yo te monte a.

Aktivite lanaj yo kapab afekte akòz kondisyon metewo ki danjere oubyen dlo ki ap chanje toutan yo. Tanpri vizite sitwèb Pak Leta yo, sou www.nysparks.com oubyen rele pak lan dirèkteman pou ka konfime diisponibilite.

Gwo chalè se kòz prensipal ka lanmò ki asosye avèk chalè epi ki kapab evite, sitou pami granmoun aje yo. Dapre Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a, chalè lakòz plis pase 650 ka lanmò ki te kapab evite nan Etazini chak ane. Nan majorite ane yo, gwo chalè lakòz plis ka lanmò pase inondasyon, kout zèklè, tònad ak ouragan konbine ansanm. Dapre estatistik Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik ak Sèvis Nasyonal Metewoloji a, te gen yon total 80 ka lanmò ki te asosye dirèkteman avèk chalè nan Eta New York depi 2006.

Previzyon tanperati k ap monte yo ensite Depatman Sante Eta New York ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la ofri Nouyòkè yo kèk ti konsèy pou ede yo rete an sekirite.

Delege DHSES la John Melville te di: “Li enpòtan pou n enfòme de pwoblèm ki ka rive pandan peryòd gwo chalè a. Pran prekosyon pou sante nou men planifye tou pou pàn kouran akòz itilizasyon sèvis piblik la nan nivo ki pi wo li”.

Pou ede Nouyòkè yo rete pwoteje pandan gwo chalè a, DOH ak DHSES bay konsèy sa a:

Etap Prekosyon yo:

- Rete enfòme sou tanperati ak imidite a.
- Ralanti sou aktivite ak ekzèsis yo, sitou nan lè kote solèy la cho anpil ant 11 A.M. jiska 4 P.M.
- Ou dwe fè ekzèsis yo byen bonè nan maten ant 4 è A.M. ak 7 è A.M.
- Manje mwens pwoteyin epi plis fwi ak vejetal. Pwoteyin yo pwodwi epi ogmante metabolis chalè, ki koze ke ou pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje manje sale.

- Bwè omwen 2-4 vè dlo pa è lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.
- Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan è-kondisyone. Solèy la chofe nwayo anndan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen è kondisyone, rete nan etaj ki pi ba, pa rete nan solèy la, ouben ale nan yon batiman piblik ki gen è kondisyone.
- Si ou oblije soti deyò, mete krèm solè ki gen yon wo nivo faktè pwoteksyon kont solèy (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou. Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.
- Pa janm kite timoun yo, bèt domestik, oswa moun ki gen bezwen swen espesyal yo nan yon machin oswa lòt veyikil ki estasyon pandan peryòd chalè ekstrèm nan sezon ete a. Tanperati ki anndan yon veyikil ki fèmen kapab depase rapidman 140 degre Fahrenheit. Ekspozisyon nan tanperati ki wo konsa kapab touye ou nan kèk minit sèlman.
- Fè yon efò pou voye je sou vwazen ou yo, sitou si yo se granmoun, si yo gen timoun piti ouben gen bezwen espesyal.
- Asire'w ke gen manje ak dlo sifizan pou bèt domestik yo.

Ti Konsèy pou Ekonomi Enèji:

- Blakawout yo pi ka rive lè li fè cho, kote yo itilize sèvis piblik yo pi plis. Pou evite mete yon kontrent sou rezo kouran an, ekonomize enèji pou ede evite blakawout yo.
- Mete tèmosta è-kondisyone ou sou 78 degre.
- Itilize è-kondisyone a lè ou lakay ou.
- Fèmen aparèy menaje ki pa enpòtan yo. Itilize sèlman aparèy menaje ki gen gwo chaj elektrik yo bonè nan maten oswa ta lannwit.

Pou plis enfòmasyon, ale sou:

<http://www.health.ny.gov/environmental/emergency/weather/hot> oubyen
<http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/heataware.cfm>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Vil New York, san bliye sant refwadisman vil la, ale sou:

http://www.nyc.gov/html/oem/html/get_prepared/beat_the_heat/beattheheat.html.

Pou jwenn yon sant refwadisman nan yon konte spesifik, vizite:

<http://www.nysacho.org/i4a/pages/index.cfm?pageid=3713>

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418